

CHAPIT 23

# kitaj

Nan chapit sa a:

Deside kilè pou fè yon kitaj.....	418
Preparasyon pou kitaj la.....	419
Mete fanm nan alèz.....	419
Evite doule pandan kitaj la.....	419
Prepare zouti ak materyèl pou fè kitaj la.....	420
Fè kitaj la.....	422
Piki pou angoudi kòl matris la.....	424
Pwoblèm ki genyen ak kitaj .....	428
Dilatè a soti nan matrisla.....	428
Sereng lan plen.....	429
Dilatè a bouche.....	429
Pwoblèm kitaj la ka lakoz.....	430
Aprè kitaj la.....	430

# Kitaj



Kitaj se yon mwayen rapid epi ki pa bay anpil pwoblèm pou netwaye matris yon fanm avèk yon sereng epi yon tib dilatè. Li ka fèt:

- pou ede yon fanm ki te fè yon foskouch oswa yon avòtman ki pat fin fèt.
- pou kontwòle kantite san li bay chak mwa.
- pou mete fen nan yon gwosès li pa vle.

Sèvi avèk kitaj pou netwaye matris la se yon bagay ki fèt menm jan nan chak ka.

Nan liv sa a nou eksplike kòman pou sèvi ak kitaj pou ede fanm ki te fè yon foskouch oswa yon avòtman ki pat fin fèt – lè yon gwosès fini anvan lè epi genyen rès dechè gwosès la ki rete anndan matris fanm nan. Li chapit 22 a, kòmanse nan paj 400, ki esplike lòt mwayen pou ede yon fanm apre li fin fè yon avòtman oswa yon foskouch. Kitaj la se sèlman yon pati nan swen fanm sa a bezwen.



Kitaj gen mwens danje, li pi senp, epi li pi bon mache pase lòt metòd ki fèt pou netwaye matris la. Souman, se sèlman doktè ki ka sèvi avèk lòt metòd yo nan sant medikal. Men, fanmsaj, enfimyè, oswa nenpòt moun ki antrene ka fè yon kitaj depi yo gen kalite zouti pou yo genyen, epi yo ka esterilize zouti sa yo. Si fanmsaj ak lòt moun aprann fè kitaj san danje, plis fanm, espesyalman fanm pòv ak fanm ki rete nan vilaj ki pa pre ak sant medikal, ka gen chans pou yo fè avòtman san danje epi pou yo jwenn swen pou pwoteje lavi yo apre yon foskouch oswa apre yon avòtman ki pa fin fèt.

Kèk enfòmasyon sou fason pou aprann fè kitaj:

- Anvan ou li chapit sa a, ou dwe konprann **prevansyon enfeksyon** (Chapit 5, gade paj 48) avèk **egzamen basen** (Chapter 20, gade paj 372).
- Chèche konnen règleman ki nan zòn kote ou ap viv la. Nan kèk zòn, yo ankouraje fanmsaj pou yo aprann fè kitaj. Nan kèk lòt zòn, fanmsaj pa gen dwa pou fè kitaj.
- Kitaj ka lakoz enfeksyon nan matris oswa matris la ka blese. Sèvi ak chapit sa a pou ou aprann, men sonje ou ka aprann plis nan men yon pwofesè ki gen eksperyans pase nan yon liv. **Se yon moun ki gen eksperyans ki dwe moutre ou fè kitaj.**

## Deside kilè pou fè kitaj

Fanm ki gen rès dechè gwosès rete anndan matris li apre yon foskouch oswa apre yon avòtman ki pa fin fèt ka mouri ak enfeksyon oswa akòz li ap pèdi san. Kitaj ka ede sove lavi fanm sa a.



Sepandan, kitaj danjere anpil si li pa fèt ak anpil prekosyon. Pou fè kitaj, gen yon bagay ou dwe mete anndan matris fanm nan. Se yon danje si ou mete nenpòt bagay nan matris fanm nan paske si ou pa mete l byen, li ka ba li gwo enfeksyon, oswa li ka blese matris li.

Epitou, pou kitaj la fèt san danje, gwosès la pa dwe gen plis pase 12 semèn.

Anvan ou fè yon kitaj, ou dwe byen chèche konnen si pa gen yon lòt mwayen ki pi bon. Èske pa gen yon sant medikal kote travayè medikal ka netwaye matris la? Èske se bon lè pou ou sèvi ak mizopwostòl (gade paj 408) alapas kitaj? **Fè kitaj la sèlman lè se sa ki pi bon mwayen pou netwaye matris la san danje.** Pou fè yon kitaj san danje ou dwe:

### Genyen zouti esterilize

Tout bagay ki prale anndan matris fanm nan dwe esterilize (gade paj 59).

Si ou pa ka esterilize zouti yo anvan ou fè yon kitaj, sa vle di ou pap ka

fè l san danje epi ou pa dwe fè l!



### Genyen eksperyans ak bon pratik

Pou fè yon kitaj san danje, ou pap ka aprann ase nan okenn liv, menm nan liv sa a. Yon moun ki gen eksperyans dwe antrene w. Aprann tout sa ou kapab nan liv, nan klas, ak nan men pwofesè. Ede yon moun ki gen plis eksperyans lè l ap fè yon kitaj pou ou ka tou gade epi aprann kijan li fè l.

### Chèche konnen si kitaj se swen ki apwopriye pou fanm nan

Pale ak fanm nan pou konnen poukisa li bezwen fè kitaj. Kontwole siy kò l, pa egzanzp tcheke poul li ak tanperati l, pou wè si l bezwen swen medikal tou. Chèche konnen konbyen mwa gwosès li genyen. **Se sèlman pandan 12 premye semen (oswa 3 premye mwa) gwosès la kitaj ka fèt san danje.** Sa vle di 12 semèn apre fanm nan te gen peryòd manstriyèl li. Apre lè sa a, l ap twò ta pou kitaj la reyisi. Sèl kondisyon pou eseye fè kitaj apre 12 semèn se si fanm nan nan gwo danje apil yon foskouch oswa yon avòtman ki pa fin fèt, epi si ou pa gen okenn lòt mwayen pou ede l. Gade paj 88 pou jwenn metòd ki pou ede ou konnen konbyen mwa fanm nan genyen depi l ansent.

Pou asire fanm nan genyen mwens pase 3 mwa ansent, ou dwe fè yon egzamen ak de men (egzamen bimanyèl) (paj 384) anvan ou fè yon kitaj.

## Avòtman ki pa fin fèt nèt (enkonplèt)

Lè yon fanm fè yon foskouch oswa yon avòtman enkonplèt, li nan gwo danje. Matris li dwe netwaye san pèdi tan. Chèche wè si gen siy enfeksyon oswa si gen blesi:

- Gwo doulè anba vant
- L ap bay anpil san nan vajen
- Poul li bat vit (pliske 100 fwa nan yon minit)
- Tanperati kò l wo (pliske 38° C oswa 100.4° F)
- Tansyon li bese

Pou ede yon fanm ki gen siy sa yo, gade paj 406, oswa mennen l nan yon sant medikal touswit.

## Fè preparasyon pou kitaj la Mete fanm nan alèz


Eksplike fanm nan kisa ou pral fè. Reponn tout kesyon l genyen.

Ou dwe chèche yon chanm prive kote lòt moun pap gade, pou ou fè kitaj la. Asire ou kenbe tout zafè fanm nan sekre (gade paj 7).

## Evite doulè pandan kitaj la

Kitaj ka fè mal anpil. Men kèk bagay ou ka fè pou kalme doulè a:

- Toujou eksplike fanm nan kisa ou pral fè epi ankouraje l poze kesyon.
- Ale byen dousman epi a prese
- Moutre fanm nan kòman pou l respire byen fon, epi byen dousman. Lè l respire konsa, sa ede l lage kò l. Ou ka respire byen fon epi byen dousman tou! Lè ou respire, l ap ede ou fè travay la ak dousè epi ak atansyon.



*Sipò yon bon zanmi ka ede anpil pou diminye doulè yon fanm.*

Menm lè ou ale byen dousman, fanm nan ka toujou gen doulè. Medikaman pou kalme doulè a ka koute chè epi li ka gen dezavantaj ki pa bon pou lasante. Sepandan, si ou ka jwenn li, ou ka ofri fanm yo medikaman sa a. Fanm pa dwe soufri san bezwen.

Epi sonje – medikaman pou doulè pa ka ranplase swen ou dwe bay ak dousè epi respè.

Gen 2 kalite medikaman ki kapab kalme doulè kitaj la. Ou ka bay pilil nan bouch oswa ou ka bay piki bò kòl matris la pou angoudi kòl matris la.



### Pou evite doulè

- bay 500 a 1000 mg parasetamòl (paracetamol).....nan bouch, 20 minit anvan ou kòmanse kitaj la
- oswa**
- gade paj 424 pou ou li enstriksyon yo bay sou piki pou angoudi kòl matris la



### Prepare zouti ak materyèl pou fè kitaj la

Gen anpil kalite zouti ki sèvi pou fè kitaj. Nan chapit sa a, nou eksplike kòman pou sèvi ak tout ekipman pou fè yon kitaj. Se yon òganizasyon ki rele Ipas ki fè ekipman sa yo. (Gade paj 499 pou chèche konnen kòman pou achte ekipman pou fè kitaj.)

### Ekipman pou fè kitaj genyen 2 gwo kategori:


Premyè kategori a genyen ladan l yon sereng 50cc ki gen yon ouvèti byen laj. Ouvèti sa a kreye yon aspiratè ki pou rale bagay ki anndan matris la soti deyò.

Lòt pati kategori ekipman an se yon je tib plastik ki rele dilatè. Yon pwent dilatè a ap rete kole ak sereng la. Lòt pwent la ap rete anndan matris la.




### Kòman sereng la mache

Lè bouton sereng la pouse ale anndan, vàn nan louvri epi tib dilatè plastik la rale sa ki anndan matris la al nan sereng la.




### Netwaye sereng lan byen

Chak fwa sereng kitaj la fin sèvi, li dwe demonte ak anpil prekosyon pou l ka netwaye. Anvan li sèvi ankò, grese pati plastik won ki anba piston sereng lan ak yon ti grès silikòn oswa ak yon ti lwil manje. Li tout enstriksyon ki vini ak sereng la pou ou aprann kòman pou netwaye li.



Yon sereng ki gen yon (1) sèl vav pou gwosès ki gen mwens ke 8 semèn



Yon sereng ki gen 2 vav pou gwosès ki gen jiska 12 semèn




Yon sereng espesyal ki fèt pou gwosès ki rive jiska 12 semèn

**Note:** Some older, smaller syringes were good only for pregnancies up to 8 weeks. Follow the instructions carefully for the syringe you have.

### Esterilize zouti ou yo

Esterilize tout zouti ki prale anndan vajen fanm nan oswa nan matris li (gade paj 59), answit depoze yo sou yon twal, sou yon asyèt, oswa sou yon papye esterilize. Ou dwe mete gan esterilize chak fwa ou ap manyen yon zouti.




Lòt bagay ou ap bezwen se yon ti bòl ki gen antiseptic betadin oswa hibiclens pou netwaye pati deyò kòl matris la. Epi asire ou genyen yon limyè ki byen klere.




## Fè kitaj la

1. Kreve yon espas vid nan sereng la:  
Pouse bouton yo pa anndan epi al devan pou ka fèmen vav la – bouton yo ap fè yon son “klik” epi y ap rete kole anplas jiskaske ou louvri yo ankò.




Kenbe kò sereng lan ak yon men, epi rale piston an deyè ak lòt men an, jiskaske manch piston an fèmen ak yon ti bri lè li rive nan pwent kò sereng la.

Tcheke de (2) manch piston an. Tou (2) dwe soti deyò ale byen lwen jiska kote yo ka rive. Depi manch yo fèmen ak yon bri sèk nan pozisyon sa a, ou sipoze pa ka repouse piston antre nan kò sereng nan.




**ATANSYON!** Pa janm sere manch piston yo ansanm, epi pa janm pouse piston an anndan kò sereng la pandan ou ap fè yon kitaj. Sa ka lakoz tout sa ki nan sereng la tounen al nan matris fanm nan. Sa ka touye fanm nan.

2. Klere pati jenital fanm nan ak yon limyè pou ou ka wè byen.  
Ou ka bezwen yon moun ki pou kenbe limyè a.
3. Lave men ou ak savon epi dlo pandan plizyè minit (gade paj 53). Kite men ou sèch nan lè lib.



Mete gan plastik pwòp nan men w.

4. Lè fanm nan di ou li pare, swiv etap ki nan paj 384 pou fè yon egzamen ak 2 dwèt. Pran gwochè matris la. Matris la dwe gen egzakteman gwochè pou kantite s emèn fanm nan te di ou li genyen depi l ansent lan. Si matris li gwo anpil, petèt li te gen plis tan ansent pase l te panse. Pa fè kitaj pou yon fanm ki gen plis pase 3 mwa ansent, eksepte si l gen gwo pwoblèm apre yon avòtman ki pa t fin fèt nèt epi ou pa gen okenn lòt mwayen pou ou ede l apade kitaj la.




5. Retire gan yo; lave men w, epi mete lòt gan esterilize. Sa ap pèmèt tout zouti yo rete esterilize pou kitaj la pandan ou ap fè pwosedi a.



6. Foure yon espekilòm byen dousman (gade paj 377).



7. Kenbe yon moso twal gaz esterilize ak yon pens won, oswa pran yon tanpon long, epi tranpe l nan solisyon antiseptik la pou ka lave kòl matris la.



8. Mande fanm nan pou l respire byen fon epi lache kò l. Lè l pare, kenbe kòl matris la ak yon tenakilòm oswa ak yon pens won. Fèmen tenakilòm nan, epi rale l tou piti pou ka drese matris la. Sa ka yon gwo malèz pou fanm nan, donk ale dousman epi di fanm nan kisa ou ap fè.





9. Si ou deside bay yon piki ki pou angoudi kòl matris la, fè l koulye a.

**Piki ki pou angoudi kòl matris la**

Ou ap bezwen yon sereng ki mezire 22 kalib (oswa yon ekstansyon pou zegwi)



epi yon anestezi lokal ki pa gen **epinefrin (epinephrine)** ladan l.

Ou ka sèvi ak 10 % lidokayin (lidocaine) ki se yon egzantp anestezi lokal.

Anvan ou bay piki a, mande fanm nan si l pat janm pran kalite anestezi sa a anvan. Chèche konnen si l pat janm genyen yon move reyaksyon ak medikaman sa a. Si l te genyen, pa ba li piki a.

Sèvi ak tenakilòm nan pou ou deplase kòl matris la yon ti kras ale sou kote jiskaske ou ka wè plas kote kòl matris la (yon pati ki lis) kontre ak vajen an (pati sa a yon ti jan pi di).




Swiv enstriksyon ki nan paj 345 rive nan paj 349 pou bay yon piki.



Foure zegwi anba po kò fanm nan sou yon longè ki mezire anviwon 1 santimè (1cm), epi vide 2 milimèt (mm) nan remèd la byen dousman pandan ou ap retire zegwi a. Fè menm bagay la sou lòt bò kòl matris la.


Remèd la ap pran yon 3 minit konsa pou angoudi kòl matris la. Fanm nan ka santi yon lakranp apre piki a, men li pap fè l mal twòp.

10. Chwazi younn nan tib ditalè yo. Tib sa yo vini nan plizyè dimansyon diferan (dimansyon an ka ekri sou tib la). **Ou dwe sèvi ak yon dilatè ki gen menm gwosè ak matris fanm nan.** Tablo sa a ba ou yon lide sou ki kalite dilatè ki ka pi efikas:

<i>Pou yon fanm ki gen 5 a 7 semèn gwosès.....sèvi ak yon dilatè ki mezire 5 mm (matris 9 cm longè)</i>	
<i>7 a 9 semèn gwosès.....sèvi ak yon dilatè ki mezire 6 milimèt (matris 10 cm longè)</i>	
<i>9 a 12 semèn gwosès.....sèvi ak yon dilatè ki mezire 7, 8, 9, 10, oswa 12 milimèt (matris 9 cm longè)</i>	

11. Gen kalite dilatè ki bezwen yon adaptè pou yo ka konekte avèk kèk sereng. Si ou dwe sèvi avèk yon adapte, konekte l kounye a.


12. Di fanm nan ou pare pou kòmanse. Lè l pare, pouse dilatè la pase byen dousman nan pasaj kòl matris la. Pa kite dilatè a touche ak anyen – menm ak bò vajen an – anvan l antre al nan kòl matris la. Pafwa, yon dilatè ki laj pa ka pase nan kòl matris la paske kòl matris la twò sere. Si sa ta rive, foure yon dilatè ki piti anvan nan kòl matris la, answit retire l epi mete yon dilatè ki pi laj. Eseye vire dilatè la byen dousman pandan l ap pase antre nan kòl matris la. Lè ou fè l konsa, li pi fasil pou l antre.



Pandan ou ap foure dilatè la, swiv fanm nan pou asire li pa nan doulè. Mande l pou l di ou si pwosedi a fè mal. Pafwa, figi fanm nan ka di ou si l santi doulè, menm si li pap plenn.

Si fanm nan santi doulè, ralanti. Ale dousman ap anpeche l blese. Mande fanm nan pou l respire byen fon pou kò l ka lache epi pou kòl matris la ka louvri.

13. Dirije dilatè la pou l antre byen dousman jiskaske ou santi l rete sou tèt matris la. Lè ou santi l touche tèt kòl matris la, rale dilatè la al dèyè tou piti. Si ou vle, ou ka lage tenaklòlòm nan.



## Nè Vag

Pafwa lè dilatè a fin antre nan matris fanm nan, li santi tèt li lejè, li toudi, oswa l anvi vomi. Li ka dekonpoze. Souvan sa rive paske te gen anpil presyon sou yon nè ki rele « nè vag ».


Nè vag kòmanse pa dèyè sèvèl ki anndan tèt la epi li pase desann anba nèl al dèyè epi l desann nan chak janm. Nè vag pase tou pre do matris la. Lè gen yon bagay, tankou yon dilatè, ki antre anndan matris la, li ka peze sou nèv sa a (sa lakoz yon reyaksyon vagal).

### Siy reyaksyon vagal:


- Fanm nan ka transpire (swe), li frèt, oswa li vin pal.
- Poul kò l bat pi vit, epi tansyon l desann.
- Li anvi dekonpoze, li toudi, oswa l anvi vomi.

Sa mete fanm nan malalèz, men li pa an danje. Kanpe kitaj la. Retire dilatè, tenakilòm, ak espekilòm nan. Ede fanm soti sou do l epi mete l kouche sou kote; kenbe kò l cho, byen kal, epi rete tann jiskaske malèz lan pase. Lè l santi l pa pi mal, ou ka rekòmanse ak kitaj la.

14. Kenbe sereng la ak yon men epi kenbe dilatè a ak lòt men an. Kole sereng lan ak dilatè a pandan ou ap rale dilatè a yon ti kras al dèyè sou sereng la. Fè atansyon pou pa pouse dilatè a antre nan matris la. Si li antre twò lwen sa ka blese matris la.




15. Tire bouton ki sou sereng lan vin sou ou pou ou ka louvri vav lan. Bouton yo dwe fè « klik ». Likid ki tankou kim ak mous, epi san ak rèss dechè gwosès la ap jayi soti nan matris la ale nan sereng lan. Ka gen san kap soti nan vajen an tou.



16. Netwaye matris la pandan ou ap fè mouvman antre soti byen dousman ak dilatè a, epi pandan ou ap vire sereng lan (an wotasyon).


Pa rale pwent dilatè a deyò soti nan matris la.

Si ou rale pwent dilatè a soti deyò kòl matris la, aspiratè a ap kase. Menmsi ou repouse dilatè al anndan matris la, li pap rale rès dechè yo ankò. Kitaj la pap fin fèt nèt. Pa pouse dilatè a twò lwen anndan paske ou ka blese matris la.




17. Kontinye deplase sereng lan epi vire l jiskaske matris la vid. Souvan, matris la ap fin pwòp nan 5 minit. Men siy ki moutre matris la vid:

- Sèl likid ki nan dilatè a se youn ki tankou yon kim ki gen koulè roz
- Pa gen rès dechè nan dilatè a ankò.
- Lè ou touche anndan matris laak pwent dilatè a, matris la rèsd epi li graje.
- Matris la mare anba epi li sere dilatè a.



18. Lè matris la vid, retire sereng la nan dilatè a. Jete sa ki nan sereng la nan yon veso transparan, pa egzanp nan yon bokal an glas. Koulye a rale dilatè a deyò byen dousman, answit retire tenakilòm epi mete espekilòm nan deyò.



19. Gade rès dechè ki soti nan matris la pou wè si yo fin soti nèt. Li enpòtan pou konnen si ou retire tout rès dechè yo, paske si gen dechè ki rete anndan matris la sa ka lakoz enfeksyon oswa pèt san. Vide rès dechè a nan yon paswa oswa ajoute enpe dlo pwòp nan bokal ki gen dechè a. Se sa ou wè a ki fè fanm nan te bezwen kitaj la. Si fanm nan te fè kitaj la pou l mete fen nan yon gwosès oswa paske fanm nan tap bay san akòz yon foskouch, ou dwe wè tout rès bagay gwosès la soti nèt. Apre 4 semèn gwosès, dwe gen dechè ki gen koulè blanch oswa koulè jòn tankou plim zwazo ki kole nan yon ti sak transparan. Si ou pa wè bagay sa yo, ou dwe refè kitaj la.



Si ou ap fè yon kitaj pou ou ka netwaye matris la apre yon avòtman oswa yon foskouch ki pa fin fèt, ou ka pa wè tout dechè sa yo. Genyen ki ka gen tan pase soti nan matris la. Antouka, pran nèt sa ou wè a. Si ou pa wè tout dechè gwosès ki ta dwe soti a, epi san kontinye ap vide sou fanm nan oswa si li gen siy enfeksyon, ou dwe refè pwosedi a.

20. Sèvi ak konsèy ki nan paj 67 rive nan paj 69 pou ou wè kouman pou ou jete dechè sa yo san danje.

## Pwoblèm ak kitaj la


Gen kèk pwoblèm ki ka rive pandan kitaj la; pwoblèm sa yo ka lakoz kitaj la pa fin fèt nèt. Ou dwe rezoud yo pou ou ka fin fè kitaj la epi pwoteje fanm nan pou l pa bay twòp san, oswa pou l pa malad apre kitaj la.

## Dilatè a soti anndan matris la


Si pwent dilatè a soti nan matris la apre vav lan fin louvri, menm si li sòti tou piti, presyon an ap pèdi. Sereng la pap ka retire okenn rès dechè ankò.

### Solisyon:

1. Retire segeng la nan dilatè a.
2. Retire dechè ki anndan sereng la
3. Mete yon lòt dilatè ki esterilize anndan matris la.



4. Mete yon lòt presyon nan sereng la: pouse bouton an al anba epi al devan pou fèmen vav la, epi rale manch yo al dèyè jiskaskè yo nan pwent kò sereng la.
5. Kole dilatè a ak sereng la byen dousman.
6. Louvri vav yo pandan ou ap rale bouton yo vin sou ou pou kontinye retire dechè ki nan matris la.



## Sereng la plen

Lè sereng la plen depase, pap gen ase presyon pou kontinye rale dechè yo soti nan matris la.

### Solisyon:



1. Dekole sereng lan nan dilatè a, kite dilatè a nan matris la.
2. Retire dechè ki nan sereng lan.
3. Fè yon lòt presyon nan sereng la: pouse bouton an desann pa anndan pou fèmèn vav yo, epi rale manch yo al dèyè jiskaske yo fèmèn nan pwent kò sereng la.
4. Kole dilatè a ak sereng lan ankò byen dousman.
5. Louvri vav yo pandan ou ap rale bouton yo vin sou ou pou kontinye netwaye matris la.



## Dilatè a bouche

### Solisyon:

1. Dekole sereng lan ak dilatè a nan matris la, epi retire sereng la nan dilatè a.
2. Retire dechè ki nan sereng lan.
3. Mete yon lòt dilatè esterilize nan matris la.



Ou ka bezwen yon dilatè ki pi laj.

4. Fè yon lòt presyon nan sereng la: pouse bouton yo desann epi sou devan pou ka fèmèn vav yo, epi rale manch yo dèyè jiskaske yo fèmèn nan pwent kòd sereng la.
5. Kole dilatè a ak sereng la byen dousman.
6. Louvri vav yo pandan ou ap rale bouton yo vin sou ou ka kontinye retire dechè nan matris la.

Pafwa yon ti moso dechè ka rete kole nan kòl matris la, epi sa ka bouche dilatè a. Ou ka retire l ak yon pè pens ki esterilize.

## Matris la twò gwo pou fè kitaj

Pafwa ou ka panse matris yon fanm pa twò gwo pou fè yon kitaj, men apre ou kòmanse fè kitaj la, ou dekouvri matris la twò laj. Li ka pat konnen si li te gen plis tan depi l ansent; oswa matris li te parèt piti, men an reyalye li te pi gwo.

### Solisyon:

Si ou kòmanse fè yon kitaj men ou pa fin retire tout dechè ki nan matris la nèt, premyèman eseye sèvi ak yon dilatè ki pi laj. Sepandan, si w toujou gen pwoblèm pou fin netwaye matris la, ou dwe chèche jwenn touswit yon lòt moun ki ka fè kitaj la. Menmsi ou oblije ale nan yon lopital ki lwen, ou dwe chèche jwenn asistans. Lavi fanm nan an danje.



### Lòt bagay ou ka fè se:

- Bay mizoprostòl (misoprostol) pou netwaye matris la (gade paj 408).
- Siveye siy enfeksyon (gade paj 409).

## Pwoblèm kitaj la ka lakoz

Kitaj ka lakoz pwoblèm si l pa byen fèt. Pafwa, menm fanmsaj ki gen eksperyans ka jwenn pwoblèm apre kitaj la. Pwoblèm ki rive pi souvan yo se:

- Kitaj ki pa fin fèt nèt (gade paj 407).
- Enfeksyon (gade paj 409).
- Blesi nan matris (gade paj 413).

## Apre kitaj la

Nan demen lajounen ak demen swa, pase wè fanm nan detanzantan pou wè kouman li ye. Kontwole tanperati l ak poul li. Wè si l gen siy enfeksyon epi verifeye si la p bay anpil san.


Di fanm nan kisa pou l atann apre kitaj la. Li dwe konnen pou l chèche asistans si l genyen move siy ki parèt.

### BON SIY

- Mnm kantite san an kontinye koule pandan mwens pase yon semèn - tankou si se te peryòd manstriyèl.
- Enpe lakranp pandan dezoutwa jou.

**MOVE SIY**

- Fanm nan bay plis san pase lè l gen peryòd manstriyèl nòm al li – espesyalman li bay san koulè wouj fonse oswa gwo kayo san.
- San an kontinye pandan plis pase 2 semèn apre kitaj la.
- Likid kap soti nan vajen fanm nan gen move sant.
- Matris li rete gwo oswa li vin pi gwo apre kitaj la.
- Gwo doulè, doulè ki ogmante, lakranp oswa doulè nan vant, oswa doulè nan basen pandan plis pase 3 oswa 4 jou.
- Fanm nan gen fyèv, l ap tranble, li santi l pa byen.
- Li santi l fèb, li toudi, oswa l ap dekonpoze.



Si fanm nan pèdi plis san pase lè li gen peryòd manstriyèl nòm al li, fwote matris li prèske chak kelke èdtan (gade paj 224) pou matris la ka vin di epi pou kayo san ki ta anndan matris la ka sot deyò. Mete yon sachè glas sou vant li pandan 15 rive 20 minit ka soulaje tou.


Si san kontinye ap vide sou fanm nan oswa si l gen lòt siy danjere, chèche jwenn asistans medikal.

**Rete byen pòtan apre yon kitaj**

Eksplike fanm nan kisa pou l espere pandan kò l ap geri. Li nòm al pou kò l pran de twa semèn pou l tounen menm jan anvan l te ansent lan. Eksplike fanm nan ki move siy pou l siveye. Asire fanm nan gen yon chans pou eksplike kòman l santi l. Gen fanm ki santi yo pè, yo tris, oswa yo gen lòt santiman apre kitaj la.

Pandan kèk semèn kap vini yo, fanm nan dwe pran swen kò l pou l ka geri vit, epi pou l ka geri nèt. Li pa dwe mete anyen nan vajen l, epi li pa dwe gen rapò seksyèl jiskaskè san an rete.

Ankouraje fanm nan pou l bwè anpil likid epi pou l byen manje bagay ki bon pou sante. Li dwe repoze pandan kèk jou, si sa posib.



**Planin Familyal**

Aprè yon kitaj, mande fanm nan si l vle konn plis enfòmasyon sou planin familyal. Li fasil pou yon fanm tonbe ansent apre yon kitaj menm jan ak nenpòt ki lè. Epi tou, fanm nan ka te fè kitaj la paske li pat vle ansent. Wè chapit 17, paj 298, pou ede fanm nan chèche jwenn yon metòd planin k ap bon pou li.